Nou vle plante yon Mouvman
Poul grandi tankou yon pye
bwa Pou'l fe branch sou branch
Pou 'l kouri tankou yon pye
nim
Rasin-li nan tout la ri peyi
d'ayiti




Francois Joachim Dessalines

Yon ti Listwa pou SHARE, Mwen sonje nan lane 2010, Frantz Delano Joseph, te ban’m chans pou nou pale nan yon emisyon ke li tap fe sou Radio Vision 2000 nan vil Gonayiv. E se la- a wi ke’m te prezante pwogram SHARE la ak sosyete Gonayiv-la

KI te vini debouche sou premye reyinyon nou nan Domaine Night Club nan dat ki te 5/10/2010



Se avek premye patisipan sa yo, ke nou pral fome premye komite ki pote tit (Komite fondate).Men an verite avek moun ki pa genyen okenn entere nan travay ke’m enspire reyalize-a.

**Patisipan**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Francois Joachim | 3413-0093 | Chairman | • Caristhene Fleurmond | 3713-2012 | Not apply |
| • Demangles Wessman | 3714-2115 | Conseiller | • Reginald Piere- | 3826-1383 | Conseiller |
| • Bella Phanord | 3674-4438 | Not apply | • **Jacques Roubins Bordenave** | **3753-6393** | **Demissione** |
| • Pasteur Josue Debreus- | 3745-6023 | Demissione | • Michee Phanord | 3682-9233 | Undecided |
| • Lyonel Antoine Joseph- | 3441-8921 | Undecided | • Francin Estimable | 3752-7548 | Delegue |
| • Magdala Neis | | Conseillere Not apply | | | |

Yo te enpotan, Kek la  dan yo  te reponn, Nou te komanse avek yo, Yo toujou rete manb fondate, aktif ou inaktif . Se premye Challanj ke nou pral aksepte  se, konvenk moun sa yo pou yo konprann  objektif  nou.






Li pa janm fasil pou nou te reyalize fe sa paske 1- Nou pa stab nan vil-la 2- Peson paka pote yon mesaj ke li pa konnen-

3- Pwoblem responsablite pesonel, pwoblem tan, ke nou pa genyen, kom dyaspora 3- Nou manke fe Reyinyon pou nou pi byen prezante rev-nou.  4- Difikilte pou ‘m jwenn moun ki vle reyelman konprann vizyon ke map prezante-a .5- Obstak  , movez  konsepsyon  youn pou lot  ak diferan anjeu e  entere ki pral rann  travay nou pi difisil.

Difikilte sa yo pral rann mwen pi detemine, le’m konprann necesite ki genyen pou’n vanse .   Nou oblije travay poukont nou, jis pou’nn  reyalize  twa  gwo etap sa yo.

a) Pwomote lide-a   b) pran responsablite legalize SHARE  , jan nou revel-la, yon mouvman Gonayiv,ak yon filozofi byen kle, ki

se 1- Prepare ti moun kom bon jan  sitwayen .2- Ankadre yo depi yo tou piti . SHARE se yon Enstisisyon Sosyal, Apolitik,  e volonte   kap ankouraje yon moun ofri yon minimum ak yon Ti moun. Nou pa dwe fose peson travay avek nou, ni peye yon moun pou  fe yon byen,  ak yon ti moun. Men sa pa vle di ke nou pata ka ankouraje'w fe byen. Nap fe efo tout  tan rekonpanse'w.

3) Mete sou pye yon komite pou administre, sipevize, ede ak travay  pou nou fe ansanm , yo gwo diferans.

KOMITE POU JERE, ADMINISTRE E SIPEVIZE.








5- Nou fe kek experyans ak kek lot moun, ki make nou, ki motive nou e ki ede nou pi byen konprann moun nan  sosyete-a , tout fom difikilte ak chalanj   ke nou ka rakontre

Nap site kek pou wou



1- Yon zanmi pwofese,ki te ankouraje nou fe bon travay Gonayiv, le li we pa gen mwayen, jan li te panse a, li ba nou vag.

2- **Premye ti fet** mwen te fe pou kek ti moun, Se yon machandiz kem te genyen nan yon batiman pou lakay mwen ,ak difikilte maladi, mwen pat ka ale gonayiv, Mwen te bay tout ak yon moun, jis pou li te bay 100 ti moun manje pou mwen. Sim pat fe sa, mwen tap pedi machandiz-la sou warf-la.



Premye opotinite nou jwenn se Pwomosyon nou fe pou lide nou pase a trave yon chanpyona foot ball Jacky Jean Noel Reyalize, sou teren SAVANN POUDRIYE , kote nou te jwenn chans ofri kek mayo, ak yon ekip bo la kay mwen Raboto, ki te patisipe, e ki tap dirije pa Blan Didalgo,ki te fasilite chak jwe mete yon mayo nou. *Sa te fe nou anpil plezi*.




**Dezyem EVENT** kem te voye fe se te pou'm te fe yon jes ak moun ki te premye manb fondate yo nan yon mwa Desanm. Mwen menm anko te voye $200.00 Pou fe sa.



**Twazyem Event** lan, yon zanmi deside ede nou nan reyalizasyon yon jounen pout i moun, E pwofite de travay nou,

pou ale mande  aid, ki pa janm repote, okenn rapo, malgre sa mwen te voye yon sum  pou fasilite reyalize  jounen-an










**Katriyem Aksyon** nou poze, se lanmo papa yon zanmi nou, kote nou te voye plis ke 75 ti moun nan yon Anterman nan vil la, Sa te fe yon gwo enpak sou moun.

**Senkyem Event** lan se pwomosyon nou te reyalize nan KANAVAL Gonayiv, kote nou te rive distribye 900 mayo ki pote non SHARE.Se gras ak Dokte Joachim Joseph Benoit ak DMC (Doctors Medical Center )



  

**Sizyem Event** lan se strateji pou nou te fe SHARE reprezante nan vil Paillant,  Miragoane, nan anterman Manman Madan'm kote plis ke 60 timoun te jwenn mayo SHARE



**Setyem Aktivite nou** Se reprezantasyon nou voye nan anterman FDJ(Moumou) Fle ak moun nou te voye.





**Wityem (8) Event** lan, nou pat vle rete an silans two lontan a koz kriz politik yo, nou te voye ofri menm yon Spagetti ak kek Timoun nan vil –la, Tan ke pou nou pat fe Anyen ditou. Se souvni premye sevis Carene Te ofri nou kom volonte ke vle patisipe avek nou , nan pran swen ti moun yo. Se ti jes sa yo, ki edenou defini objektif nou, ki se bay yon minimum.

**Yon Neuvyem lot Aksyon** se patisipasyon nou te bay nan pwogram ICG te reyalize nan lespri fe pwopte ak rebwaze vil Gonayiv, SHARE, te pran plezi voye ti moun li yo pou yo te poze yon aksyon sivil e ofri yon patisipasyon nan kantite pye bwa ki tap plante ansanm ak lot moun ou oganizasyon kap travay pou Gonayiv vinn pi bel



.

**Dizyem(10) aksyon** nou poze, se rankont nou nan potoprens, pou nou anfen legalize Mouvman SHARE la, avek zanmi nou Paul Sterling ki te pran Responsablite, li menm pi byen ankadre



Mouvman SHARE la nan reyalize tout posiblite pou legalize pwogram nou nan Depatman Zafe Sosyal .

Se sakrifis sa yo, jodia ki koz nou rive-la, yon mouvman volonte, legal, apolitik e sosyal pou ankadre kek ti moun nan Gonayiv.

Se deteminasyon nou, peseverans nou ak konprehansyon kek zanmi nou ki nan anvironman nou, ki fasilite nou pataje yon minimum ak kek ti moun nan vil Gonayiv .





## Nap di yo tout Mesi.

Nap remesye tou tout zanmi ki te pote sipow yo, yon fason ou yon lot pou nou te rive la,manb fondate aktif ou inaktif,manb sipote ak manb patisipan. Jodia nou tout ansan'm rive fe Gonayiv yon kado sosyal, ke mwen menm ak yon komite dirijan nap kontinye mennen nan objektif sa yo 1- Envesti nan Sosyete-a 2- Ankadre kek ti moun. Pandan ke nap kreye tou yon meye anvironman ak tout manm bi patisipe avek nou. SHARE se yon mouvman VOLONTE , la Fanmi ki la poul grandi tou piti, ak jefo,





patisipasyon nou tout, san presyon jan nou vle e le  nou vle. Nou pa gen Mwayen pou nou peye moun travay  ak nou, men nou ka ankouraje tout moun kap travay ansan'm ak nou.  Sel kondisyon se si ou pataje yon minimum ak yon ti moun ki enskri nan la fanmi SHARE.

Mesi.

MANB KI SIPOWTE NOU

| | |
|---|---|
|  |  |
|  |  |
|  |  |






SHARE









 




PWOCHEN EVENT , nou se 20 Desanm2015, an verite, nou ta dwe la, Prezans nou  se pa sa ki enpotan , sa pi pi fo a se kantite angajman ou aksepte pran pou SHARE avanse, menm le ke’m pala. Imaj pa ou yo kom manb  komite dirijan, pral pi bel toujou.Se sikse nou ki pral detemine enpotans ak efo ke nou te fe, jis pou nou mete anplas yon Mouvman Sosyal ,ki la pou Ankadre ti Moun.

NAP DI’W MESI POU ANGAJMAN KE OU PRAN.

# SHARE

Société Haitienne Artistique pour la Réhabilitation des Enfants



Grande Premiere officielle de SHARE

# 20 Decembre2015

3:00 PM/6:00 PM

## Presentation de nos membres invites et visiteurs

Presentation AUDIO ET VIDEO SHARE de Francois Joachim



Presentation de Karina Ductan
SPECIAL INVITE
pour Introduire Carene Dubousquet

Presentation des membres Fondateurs et membres dirigeants

Distribution des primes aux membres du comite officiel actif

Presentation des Parents et enfants membres inscrits



## Distribution des Cadeaux aux enfants membres inscrits

## PREMIER REPAS SPECIAL DE NOEL 2015 AUX ENFANTS DE SHARE



r Joseph Joachim Benoit
Sunrise Medical Center

**REMERCIMENTS :** Munir Moura, Marc Lacroix, Nyrva Oscar, Dr Evans Michel Dorval, Mr Erns Louis Jacques, Mr Anel Monrose ,Mr Joel Olivier, Francois Leconte, Petit Jacques Leonet, Malary Kichner, Joseph Achille, Blondine Supreme,Jeffrey,Stanley ,Joanah JOACHIM Jacques Ebel Raphael , Murat Calixte, Mr Paul Sterling, Occeide Roger, Michelande Garcon,Joachim Dickens,Demangles Wessman, Jacques Roubins Bordenave, Lyonel Antoiine, Coach Antoine Ligonge, Phito Desir, Me Chesnel Phanord, Hans Noel et tous les autres membres.





THE GREAT HELPING HANDS
CHILDREN OF GONAIVE

# INFO 3624-8345

www.gonayv.com



## ATM BAR / RESTO BIENAC 8 GONAIVES

Joseph Cius
Wisly
3393-8827